

Prefas

Pou ane 2009 lan, etid la ap fèt sou fanmi. Nap viv nan yon tan kote ke genyen anpil pwoblèm nan fanmi yo. Maryaj se yon bagay serye li ye, pa genyen jwèt ladan li. Malerezman, genyen anpil moun ki marye epi ki pa menm konnen kisa maryaj ye. Anpil moun pale de lanmou men yo pa menm konnen kisa lanmou an ye.

Nap aprann anpil nan etid sa a. Aprè etid la fini, se chwa pa ou pou ou mete sa ke ou te aprann yo an aplikasyon. Nou pa di ke bagay sa yo ap fasil pou fèt. Men premye travay la ap kòmanse nan tèt ou, se pran yon desizyon pou ou fè maryaj ou mache pi byen.

Nan ti liv sa a, nou genyen fòmats osinon eskelèt tout bagay ke nou gen pou nou pale yo paske bagay yo anpil.

Ala bagay dous se maryaj,... se pa vre?

Matye 19:10-11

Disip li yo di li: Si se konsa bagay la ye pou yon nonm ak madanm li, pito yon nonm pa marye.

Jezi reponn yo: Se pa tout moun ki asepte pawòl sa a. Se sèlman moun Bondye bay pouvwa pou sa.

1 Korint 7: 1-2

Bon. Koulye a ann wè keksyon nou te mande m' nan lèt nou an:

Wi. Yon nonm fè byen si l' pa marye.

Men, sitèlman gen dezòd lachè deyò a, se pou chak gason gen madanm pa yo.

Konsa tou, se pou chak fanm gen mari pa yo.

1 Korint 7: 7-9

Pou di vre, mwen ta pito wè tout moun fè tankou mwen.

Men, chak moun gen kado pa yo Bondye ba yo. Yon moun resevwa yon kalite kado, yon lòt moun resevwa yon lòt kalite kado.

Men sa m'ap di moun ki pa marye yo ansanm ak vèv yo.

Li ta pi bon pou yo rete tankou m', pou kont yo.

Men, si nou pa ka kontwole kò nou, marye marye nou.

Pito nou marye pase pou n' kite lanvi boule nou.

Efèz 5: 22-33

Nou menm, medam yo, **soumèt** devan mari nou tankou nou soumèt devan Seyè a. Paske, yon mari se chèf madanm li menm jan Kris la se chèf legliz la. Se Kris la menm ki delivre legliz la ki kò li. Konsa, se pou medam yo soumèt devan mari yo menm jan legliz la soumèt devan Kris la.

Nou menm, mari yo, se pou nou **renmen** madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li. Li te fè sa pou li te ka mete legliz la apa pou Bondye. Li lave legliz la nan dlo ak nan pawòl li. Paske, li te vle pou legliz la parèt devan l' nan tout bèl pouvwa li, byen pwòp, san okenn defo, ni okenn tach, ni okenn pli, ni okenn mank.

Se pou mari yo **renmen** madanm yo menm jan yo renmen pwòp tèt pa yo. Yon nonm ki renmen madanm li, li renmen pwòp tèt pa li tou. Pesonn pa janm rayi kò li. Okontrè, li ba l' manje, li pran swen l', tankou Kris la ap fè sa pou legliz la paske nou se manm kò li.

Jan sa ekri nan Liv la: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l', pou l' mete tèt li ak madanm li, pou tou de fè yon sèl. Se yon gwo verite wi Bondye fè nou konnen nan pawòl sa a. Mwen menm, mwen kwè verite sa a se pou Kris la ak legliz la.

Men, li bon pou nou tou: se pou chak mari renmen madanm yo tankou yo renmen tèt pa yo, epitou se pou chak madanm respekte mari yo.

Efèz 6: 1-9

Timoun, se devwa nou tankou moun ki kwè nan Seyè a pou n' obeyi papa nou ak manman nou, paske sa se yon bagay ki dwat devan Bondye. Respekte papa ou ak manman ou. Sa se premye kòmandman ki gen yon pwomès dèyè l': Pou nou ka viv lontan ak kè kontan sou latè.

Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak timoun nou yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon levasyon, korije yo, pale ak yo dapre prensip Seyè a. Nou menm domestik, obeyi mèt nou gen sou latè a avèk respè, avèk krentif, ak tout kè nou menm jan nou ta sèvi Kris la.

Se pa sèlman lè yo la ap gade nou pou nou aji konsa, tankou moun k'ap achte figi. Lekontrè, fè sa Bondye vle nou fè a ak tout kè nou, tankou

moun k'ap sèvi Kris la. Fè travay nou ak kè kontan, tankou si se pa pou moun nou t'ap travay, men pou Seyè a. Paske chonje byen: kit yon moun esklav, kit li lib, li gen pou l' resevwa sa ki pou li nan men Seyè a, dapre bon travay li fè a.

Nou menm mè, se pou n' aji menm jan an tou ak moun k'ap sèvi nou yo. Pa fè yo okenn menas. Toujou chonje ni nou menm, ni domestik nou yo, nou gen yon sèl Mèt nan syèl la, ki pa gade sou figi moun.

Kolòs 3: 18-21

Nou menm medam, **soumèt** devan mari nou paske se konsa pou moun ki kwè nan Seyè a aji. Nou menm mari, **renmen** madanm nou. Pa fè move jan ak yo.

Nou menm timoun, se devwa nou pou nou obeyi manman nou ak papa nou nan tout bagay. Se sa ki fè Bondye plezi.

Nou menm papa ak manman, pa rele sou timoun yo twòp pou sa pa dekouraje yo.

Tit 2: 1-6

Ou menm, se pou tou sa w'ap moutre moun dakò ak bon mesaj la.

Pale ak granmoun gason yo pou yo fè tout bagay ak mezi, pou yo fè respè tèt yo, pou yo kenbe tèt yo anplas, pou yo gen yon konfyans solid nan Bondye, pou yo gen renmen nan kè yo ak anpil pasyans.

Pale ak granmoun fanm yo tou pou yo viv tankou moun k'ap viv pou Bondye tout bon vre. Yo pa dwe nan fè tripotaj, ni nan twò renmen gwòg. Okontrè, se pou yo bay bon egzanp. Konsa, lòt jenn medam yo va aprann nan men yo ki jan pou yo renmen pitit yo ak mari yo, ki jan pou yo kenbe tèt yo anplas, pou yo pa nan dezòd, pou yo konn okipe kay yo byen, pou yo aji ak bon kè, pou yo soumèt devan mari yo. Konsa, moun p'ap ka pale pawòl Bondye a mal.

Konsa tou, pale ak jenn moun yo pou yo kenbe tèt yo anplas.

1 Piè 3: 1-7

Menm jan an tou, nou menm medam, **soumèt** devan mari nou. Konsa, si gen nan mari nou yo ki pa kwè nan Bondye, kondit nou kont pou fè yo kwè, san n' pa janm bezwen louvri bouch nou, paske y'a wè jan nou viv byen, jan nou respekte yo.

Nou pa bezwen fè kò nou bèl ak bagay moun ka wè, tankou lè n'ap fè anpil kwafi estraòdenè, lè n'ap mete kantite bijou an lò ak kantite rad ki koute chè sou nou. Okontrè, se sa ki nan kè nou ki tout bèlte nou, yon bèlte ki p'ap janm pase. Se pou nou gen yon karaktè dou, yon karaktè poze. Se sa ki gen valè devan Bondye.

Nan tan lontan, se konsa medam ki t'ap viv pou Bondye yo te fè tèt yo bèl: yo te mete espwa yo nan Bondye, yo te soumèt devan mari yo. Se konsa Sara te ye. Li te soumèt devan Abraram jouk pou li te rele l' mè. Nou menm tou, medam, nou se pitit Sara, si nou fè sa ki byen san nou pa pè anyen.

Menm jan an tou, nou menm mari, nan tout bagay se pou nou viv byen ak madanm nou paske yo pi fèb pase nou. Ba yo tout respè yo merite, paske yo menm tou y'a resevwa menm lavi avèk nou tankou yon favè nan men Bondye. Konsa, anyen p'ap antrave lapriyè nou.

Genyen de (2) bagay ki mache ansanm: "**soumèt**" ak "**renmen**". Madanm bezwen **soumèt** devan mari li e mari a bezwen **renmen** madanm li.

Plis madanm nan **soumèt** devan mari li, se plis mari a ap kapab montre **renmen** pou madanm nan.

Plis mari a montre **renmen** pou madanm nan, se plis madanm nan ap kapab **soumèt** devan mari a.

Definisyon mo " Soumèt " la.

Soumisyon se yon desizyon pou obeyi ki koumanse nan fon kè ou. Se lè ke ou remèt tout ou menm anba volonte Bondye, an menm tan ke ou **chwazi** pou ou anba otorite mari ou. Ou pa kapab fòse yon moun pou li soumèt li devan ou. Si yon moun mete yon zam bò tèt ou epi li di ou pou ou soumèt ou devan li, ou pap soumèt ou vre. Ou gen dwa fè nenpòt sa ke moun nan vle ou fè, men se pa soumisyon ke sa ye. Soumisyon an se yon zak volontè, yon desizyon pèsònèl, yon bagay ke ou chwazi pou ou fè.

Lap difisil pou yon fanm soumèt devan mari li si li pa soumèt li devan Bondye.

Yon madanm ki soumèt devan mari li pa vle di ke mari a pi enpòtan osinon madanm nan genyen mwens valè. Jezi ki Bondye te soumèt devan Papa Li.

*« Pandan Jezi t'ap viv sou latè, li te lapriyè Bondye, li te fè demann li avèk gwo rèl ak dlo nan je bay Bondye, sèl moun ki te kapab sove l' anba lanmò. Bondye koute l', paske li te **soumèt** devan Bondye. » (Ebre 5:7)*

Se menm jan an tou, Bib la di ke tout kreyen bezwen soumèt devan chèf yo.

*« Obeyi chèf nou yo, **soumèt** devan yo. Se tout tan y'ap veye sou nanm nou paske yo gen pou yo rann Bondye kont pou travay yo. Si nou obeyi yo, y'a fè travay yo ak kè kontan. Men, si nou pa obeyi yo, y'a fè l' ak kè sere. Lè sa a, p'ap gen okenn avantaj pou nou. » (Ebre 13:17)*

Soumisyon gen pou wè ak pozisyon. Ou dwe soumèt devan dirijan legliz yo, pa paske yo siperyè pase ou, ou dwe fè sa akòz de pozisyon ke yo genyen nan

legliz Bondye a. se menm jan an tou, ou dwe soumèt ou devan otorite kote wap viv la, ke se polis, ke se chef seksyon, ke se prezidan pa paske yo siperyè pase ou, men ou dwe respekte otorite yo genyen an paske se Bondye ki ba yo li.

Se menm jan an tou, madanm dwe soumèt devan mari li paske Bondye declare ke mari a se chef fanmi an. Se pa paske mari a genyen plis konesans osinon mari a gen plis edikasyon osinon se mari a ki mete kanson nan kay la; se paske Bondye di ke mari a se chef madanm nan.

Si yon fanm pa vle soumèt devan mari li, se pa mari a ki genyen yon pwoblèm, men se madanm nan ki genyen pwoblèm nan. Sak pi grav la, se avèk Bondye menm ke madanm nan genyen pwoblèm nan.

Definisyon mo “ Renmen ” an.

Nan lang Kreyòl la, nou jwenn yon sèl mo pou “ **renmen** ”, men se pa menm renmen an ke ou vle di lè ou itilize mo sa a. Pa egzanp, si yon yon fanm di li renmen mari li epi menm fi sa a di ke li genyen yon wòb ke li renmen anpil, se pa menm renmen an ke li ye.

Nan lang Grèk ki se lang orijinal ke Nouvo Testaman an te ekri a, te genyen diferan mo ki te itilize pou “ **renmen** ”. Nou prale wè twa (3) mo ki pi koni yo:

- 1) Eros
- 2) Philia
- 3) Agape

Eros se yon renmen seksyèl. Se lanmou osinon dezi yon gason genyen pou yon fi osinon yon fi genyen pou yon gason.

Philia se yon renmen ki gen dwa egziste ant de (2) zanmi. Nou jwenn lanmou sa a lè de (2) moun genyen yon bagay an komen tankou de (2) moun ki nan menm lekòl osinon nan menm travay osinon ki nan menm ekip foutbòl.

Agape se yon renmen sakrifisyèl. Se lanmou sa a ki vrè lanmou tout bon vre. Agape se yon renmen ki san okenn kondisyon. Se lanmou sa a ke nou jwenn nan pasaj ki di pou mari renmen madanm yo.

Mari dwe renmen madanm li nan yon pwen pou li dakò pou li mouri pou madanm nan. An plis, menm si madanm nan ta fè nenpòt ki bagay, mari a pa sipoze sispann renmen madanm nan.

Menm jan ke pa genyen anyan ki kapab fè Jezi pa renmen legliz ankò, se menm jan an tou, pa genyen anyen pou yon madanm ta fè ki pou ta lakòz pou mari a pa renmen li ankò.

Mwen konnen kesyon kap pase nan tèt mesye yo kounye a; nap mande: «Si madanm mwen pran yon lòt nèg sou mwen, èske mwen sipoze renmen li toujou?»

Men repons mwen genyen pou kesyon sa a. Eseye ou sonje pwomès ou te fè devan Bondye jou ke ou tap marye a. Ou te pwomèt pou ou te renmen madanm ou nan move tan yo tou. Kisa ki move tan pou ou?

Lanmou tout bon an pa yon emosyon

Emosyon se yon “eta” ki baze sou jan ou santi, sou pèsonalite ou, sou environman ou osinon sou yon bagay ki rive nan lavi ou. Bondye kreye lèzòm avèk tout emosyon yo. Egzanp ke nou kapab bay sou emosyon, se:

Kè kontan, kolè, tristès, lapèrèz...etc

Emosyon pou kont pa li pa yon move bagay, men si yon moun kite emosyon kontwole li, moun sa a ap genyen anpil pwoblèm. Pwoblèm ki genyen ak emosyo, se:

- 1- Emosyon pa dire lontan, li tanporè (Matt 13:20-21)
- 2- Emosyon baze sou sikonstans.
- 3- Yon moun pa deside ki emosyon li vle e ki lè li vle li.

Nan seremoni maryaj yo, genyen yon kesyon ki toujou poze ak moun kap marye yo:

“Eske ou dakò pou ou pran moun sa a pou mari ou osinon madanm ou, pou ou renmen li nan bon tan, nan move tan, nan richès, nan povrete, nan sante ni nan maladi?”

Renmen se pa yon bagay ou santi men se yon bagay ke ou chwazi pou ou fè. Nan renmen menm jan ak anpil lòt sitiyasyon, ap toujou genyen emosyon ki antre ladan li. Men renmen pou kont pa li pa yon emosyon. Si nou ta pran tristès kòm egzamp; yon moun pa chwazi lè pou li nan tristès, men se yon sitiyasyon ki kapab mete moun nan nan tristès.

Ou pa kapab mande yon moun pou li fè tèt li tris, ni ou pa kapab mande yon moun pou li nan lapèrèz osinon mande yon moun pou li mete tèt li an kolè. Ou pa kapab mande bagay sa yo paske se emosyon ke bagay sa yo ye. Men renmen pa yon emosyon; se sa ki fè ke Bondye kapab mande pou mari renmen madanm li. Se sak fè tou Jezi mande pou nou renmen lènmi nou yo. Emosyon ap di ou pou ou rayi moun ki rayi ou men vrè lanmou an ap rete menm jan an, li pap chanje akòz de sitiyasyon osinon pwoblèm lavi a.

Genyen plizyè lang damou

Lanmou se pa yon bagay ke ou santi, se pa yon emosyon. Lanmou se yon chwa; ou chwazi pou ou renmen. Genyen diferan jan ke ou kapab demontre lanmou an nan aksyon ke ou fè. San yon aksyon, pa genyen lanmou vre.

Nou wè lanmou Bondye genyen pou lèzòm nan soufrans Jezi sou kwa a. Nou wè lanmou manman ak papa genyen pou pitit yo nan jan yo pran swen pitit yo. Konsa nan lanmou, fòk genyen yon aksyon kantmèm. Nan aksyon ki kapab fèt pou demontre lanmou, nou wè plizyè jan:

- 1- Nan pawòl ou.
- 2- Nan jan ke ou pase tan ou.
- 3- Nan jan ke ou bay.
- 4- Nan travay osinon sèvis.
- 5- Nan touche fizik.

Tout moun diferan, tout moun genyen tanperaman pa yo. Konsa, chak moun resevwa lanmou nan jan pa yo. Se kòm si tout moun pa pale menm lang damou. Ou kapab jwenn yon moun ke se lè ke ou fè yo yon kado ke yo santi ke ou renmen yo. Konsa yon lòt moun menm, se pa yon kado ki satisfè yo, men se lè ke ou pran yon tan pou ou pase avèk yo ki ba yo satisfaksyon.

Genyen de fwa, yon madanm gen dwa ap plenyen ke mari a pa demontre ke li renmen li; mari a menm di ke pou tout sa ke li fè pou madanm nan, madanm nan san konsyans. Sa ki gen dwa rive, sè ke de (2) moun sa yo pa pale menm lang damou.

Si fi a se nan touche fizik ke li jwenn satisfaksyon lanmou epi mari a ap bay bèl pawòl osinon ap achte bèl bagay pou fè madanm nan kado. Mari a ap fè bèl bagay vre, men madanm nan pap janm satisfè vre paske se pa nan bagay sa yo ke li jwenn satisfaksyon. Konsa, pou madanm sa a, mari a pa demontre lanmou pou li. Sa vle di ke ou bezwen konnen ki lang damou moun nan pale pou ou kapab demontre moun nan ke ou renmen li.

Wòl yon mari antan ke chèf fanmi an.

« Yon mari se chèf madanm li menm jan Kris la se chèf legliz la. » (Efèz 5:23a)

Daprè Jezi, ki wòl yon chèf ?

Nan **Matye 20: 25-28**, nou li:

« Jezi rele yo, li di yo: Nou konnen ki jan chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav. Grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout. Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout. Se konsa, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun. »

- 1) Mari a se yon sèvitè.
- 2) Mari a asepte pou li bay lavi li pou fanmi li.
- 3) Mari a responsab pou ansèyman moral e esprityèl fanmi an.
- 4) Mari a se yon egzanp pou rèz fanmi an.

Piga ou gade wòl chèf fanmi an kòm yon dwa otorite osinon yon privilèj pou dirije. Nou kapab di ke wòl chèf fanmi an se yon chaj, se yon responsablite ke li

ye. Yon mari genyen yon fanmi pou li fè tout desizyon pou byen moun sa yo. Si yon bagay pase mal nan fanmi an, se sou kont mari a ke sa ye.

Pase pou ou gade tèt ou kòm yon chèf ki genyen anpil pouvwa, ou bezwen mande Bondye sajès, bon konprann, pasyans pou ou konnen kisa pou ou fè lè ou kontre ak problèm nan fanmi an. Tout desizyon ke chèf fanmi an fè, li genyen yon enpak nan fanmi an. Konsa, ou bezwen fè si ke desizyon ke wap pran pou fanmi an, yo nan volonte Bondye.

Pitit gason yo aprann jan pou yo dirije fanmi yo nan men papa yo. Pitit fi yo aprann jan pou yo viv avèk mari yo jan ke papa yo viv ak manman yo. Si nou pran egzanp Abraram ak Sara nan Jenèz 12 ak Jenèz 20, nou kapab wè menm bagay la kontinye ak Izarak ak Rebeka nan Jenèz 26.

Wòl yon madanm antan ke yon èd pou mari a.

« Seyè a, Bondye a, di ankò. Sa pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M'ap fè yon lòt moun sanble avè l' pou ede l'. »(Jenèz 2:18)

Mari a se chèf fanmi, men mari a pa kapab fè tout bagay pou kont li; konsa Bondye plase madanm nan pou ede mari a dirije. Si yon moun ap ede yon moun fè yon travay, moun sa anba otorite moun lap ede a.

Jere yon fanmi se pa yon travay piti ke sa ye. Madanm nan bezwen ede mari a jere fanmi an. Bondye gen pou Li jije mari a pou jan ke li te dirije fanmi an; konsa tou Bondye gen pou Li jije madanm nan pou jan li te ede mari a nan gwo travay sa a. Nan liv Pwovèb nou wè bèl pawòl ki ekri pou yon fanm ki te jwe wòl madanm li tout bon vre. **Pwovèb 31, vèsè 10 a 31** di konsa:

« Sa pa fasil pou moun jwenn yon bon madanm. Lè li jwenn li, li gen plis valè pase yon boul lò. Mari l' mete tout konfyans li nan li. Tout bagay ap mache byen lakay li. Madanm lan p'ap janm aji mal ak mari l', l'ap pase tout lavi l' ap fè l' byen. Li chache lenn mouton ak fil swa, li travay yo fè twal ak men l'. Tankou bato k'ap pote machandiz, li al byen lwen chache manje mete nan kay la.

Solèy poko leve, li gen tan sou pye l', l'ap pare manje pou moun nan kay la. L'ap di sèvant yo sa pou yo fè. Li fè lide sou yon tè, li achte l' ak lajan li fè ak men l'. Li fè jaden rezen sou li. Li mare ren l', li twouse manch rad li pou l' travay. Li santi zafè l' ap mache byen, li rete byen ta lannwit ap travay. Li file koton, li koud rad li.

Li lonje men l' bay pòv. Li pran ka malere. Li pa pè fredri pou moun lakay li, paske tout moun gen rad cho pou mete sou yo. Li fè kouvèti lenn pou kabann yo. Tout rad li yo fèt ak twal wouj tise byen sere. Mari l', se yonn nan chèf fanmi lavil la. Tout moun lavil la ap nonmen non l' an byen.

Madanm li fe rad pou l' vann, li fè bèl senti, li vann yo ak machann. Li gen anpil kouraj, tout moun respekte l', li pa pè denmen. Lè li louvri bouch li, se bon konsèy li bay. Li toujou gen bon pawòl nan bouch li. Li konnen vire tounen tout moun nan kay la. Li toujou gen yon bagay l'ap fè.

Tout pitit li yo ap fè l' konpliman. Mari l' menm ap fè lwanj li. L'ap di: Mwen konnen anpil madanm. Men ou menm, nanpwen tankou ou! Bèl fanm pa di bon madanm pou sa. Bèl figi pa la pou lontan. Men, y'a fè lwanj yon fanm ki gen krentif pou Seyè a. Ba li sa ki pou li a. Lè y'a wè sa l' fè, se pou tout moun fè lwanj li. »